

WULANGAN

2

Kompetensi Inti Pengetahuan

Memahami pengetahuan (faktual, konseptual dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait dengan fenomena dan kejadian tampak mata.

Kompetensi Dasar

3.2. Menelaah teks piwulang serat Wulangreh pupuh Durma.

Tujuan Pembelajaran

1. Mengartikan kata sukar dalam teks tembang Durma.
2. Menjawab pertanyaan bacaan dengan bahasa krama lugu.
3. Menyebutkan paugeran/aturan tembang Durma.
4. Menjelaskan isi tembang Durma.
5. Menyebutkan pesan moral teks tembang Durma.
6. Menyebutkan dasanama dalam tembang Durma.
7. Menjelaskan tentang bahasa krama lugu.
8. Menjelaskan ukara lamba ukara camboran.
9. Menjelaskan tentang ayahane tembung.

A. Ayo maca tembang Durma pethikan seka Serat Wulangreh anggitané Susuhunan Paku Buwana IV!

Pada 1:

Dipun sami ambanting sariranira,
cegah dhahar lan guling,
darapon sudaa,
nepsu kang ngambra-ambra,
rerema ing tyasireki,
dadi sabarang,
karsanira lêstari.

Terjemahan Bahasa Indonesia:

Maka latihlah raga dirimu untuk prihatin, dengan mengurangi makan dan tidur, agar berkuranglah juga, nafsu yang berkobar-kobar, tenangkanlah batinmu, agar segala kehendakmu tercapai dengan baik.

Pada 2:

Ing pangawruh lair batin aja mamang,
yèn sira wus udani,
ing saliranira,
yèn ana kang amurba,
misesa ing alam kabir,
dadi sabarang,
pakaryanira ugi.

Terjemahan Bahasa Indonesia:
Atas ilmu lahir batin janganlah ragu, jika dirimu telah mengerti, atas dirimu sendiri, bahwa ada Sang Penguasa (Allah SWT), yang menguasai jagad raya, juga menguasai atas, segala perbuatanmu juga.

3. Ayo dhiskusi karo kanca sameja nulis tembung-tembung angel ing tembang banjur ditegesil

Pada 1:

No.	Tembung angel	Tegese
1.	ambanting	mbanting/ nglatih temenanan
2.	nyuda	ngurangi
3.	guling	turu
4.	Ngambra - ngambra	Berkobar - kobar
5.	Tyasireki	batinmu

Pada 2:

No.	Tembung angel	Tegese
1.	pangawruh	ilmu
2.	mamang	ragu-ragu
3.	udani	ngarti
4.	Misesa	menguasai
5.	pakaryanira	perbuatanmu

C. Ayo dhiskusi karo kanca sameja mangsuli pitakon-pitakon kang ana gegayutane karo tembang!

Pada 1:

- 1. Tembang Durma kuwe guru gatrane ana pira?
Wangsulan: 7
- 2. Sebutna guru wilangan lan guru lagune gatra kaping 1 tembang kiye!
Wangsulan: 12a

3. Tulisna gatra kang nerangna, ngurangi mangan lan turu!

Wangsulan: cegah dhahar lan guling

4. Tulisna gatra kang nerangna, tenangna atimu!

angsulan: rerema ing tyasireki

5. Manut isine tembang, ngurangi mangan lan turu kuwe bisa nyebabna apa?

Wangsulan: supaya tujuane bisa kasil kanthi apik

Pada 2:

1. Sebutna guru wilangan lan guru lagune gatra kaping 5 tembang kiye!

Wangsulan: 8a

2. Tulisna gatra kang nerangna, bab ilmu aja ragu-ragu!

Wangsulan: ing pangawruhlair aja mamang

3. Tulisna gatra kang nerangna, menawa kowe wis ngarti!

Wangsulan: yen sira wus udani

4. Tulisna gatra kang nerangna, kang nguwasani alam fana!

Wangsulan: misesa ing alam kabir

5. Manut isine tembang, manungsa mung wajib iktiar dene asile sapa kang nemtokake?

Wangsulan: Allah SWT

D. Ayo dhiskusi karo kanca sameja nggoleki guru wilangan lan guru lagune tembang macapat Durma!

Gatra/baris	Guru wilangan	Guru lagu
1.	12	a
2.	7	i
3.	6	a
4.	7	a
5.	8	i

E. Gawea kelompok anggotane 4, ayo dhiskusi karo kancamu tulisen isi lan pesan moral tembang Durma iki!

Tuladha pada 1:

Dipun sami ambanting sariranira,
cegah dhahar lan guling,
darapon sudaa,
nepsu kang ngambra-ambra,
rerema ing tyasireki,
dadi sabarang,
karsanira lèstari.

Isine :

Ayo apike padha nglatih awak seneng prihatin, prihatin ing kene yakuwe ngurangi mangan lan turu supaya awake dadi sehat. Ari kakehen mangan enak bisa nyebabna penyakit. Ari kakehen turu kuwe tandhane males sebab wektu sing dhonge nggo nyambut gawe malah dienggo turu. Ngurangi mangan lan turu uga bisa kanggo ngerem nafsu serakah sing mung sakarepe dhewe. Ngurangi mangan lan turu bisa gawe ati iki dadi tenang, urip dadi tumata, ora mung ngumbar nafsu bae. Ari nafsu serakah lan males ilang, bakal bisa ngasilake pegawean kang langgeng lan apik (uripe produktif).

Pesan moral :

1. Wong sing seneng prihatin.
2. Aja kakehen mangan enak bisa nyebabna penyakit.
3. Aja kakehen turu bisa nyebabna males.
4. Prihatin bisa ngerem nafsu sing belih apik.
5. Prihatin bisa nenangna ati.

Pada 2:

Ing pangawruh lair batin aja mamang,
yèn sira wus udani,
ing saliranira,
yèn ana kang amurba,
misesa ing alam kabir,
dadi sabarang,
pakaryanira ugi.

Terjemahan Bahasa Indonesia:

Atas ilmu lahir batin janganlah ragu, jika dirimu telah mengerti, atas dirimu sendiri, bahwa ada Sang Penguasa, yang menguasai jagad raya, juga menguasai atas, segala perbuatanmu juga.

Isine :

Wong kui jroning mikir lan tumundhak kudu manteb. Usaha/ikhtiar sing temenanane dene kang nemtokake asile Kang Maha Kuasa (Allah SWT)

Pesan moral:

1. Tumindhak lan mikir apabae kuwi kudu manteb aja ragu-ragu.
2. Usaha/ikhtiar sing temenanane dene kang nemtokake asile Kang Maha Kuasa (Allah SWT).